



Pou Piblikasyon Imedya: 04/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOMINASYON AK REKÒMANDASYON NAN ADMINISTRASYON AN

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nouvo nominasyon ak rekòmandasyon nan administrasyon an.

"New York ap fè fas ak defi ki enpòtan pi devan, epi nou bezwen lidè ki fèm, ki gen eksperyans ki konnen kijan pou travay ak patnè lokal yo epi bay rezulta," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ak eksperyans ak antedesan ki divèsifye, Robert Rodriguez, Rossana Rosado, ak Minosca Alcantara pa t ka pi adapte pou pozisyon ke mwen rekòmande yo pou yo. Mwen enpasyan pou kapab travay ak moun sa yo pandan n ap rekipere de pandemi an epi fè New York vanse pi devan."

**Robert J. Rodriguez** ap nonmen kòm 68yèm **Sekretè Deta New York.** Mesye Rodriguez se yon lidè ak yon lejislatè ki akonpli, ak siksè sivik ak lejislatif ki te konsantre sou envestisman nan fason estratejik epi devlope pwojè enfrastrikti byen publik, k ap kreye djòb ki byen peye epi abòde disparate finansye pou minorite ki mal reprezante ak kominate revni ki fèv yo istorikman. Mesye Rodriguez te espesyalize nan bay eta ak gouvènman lokal yo, ak konpayi emetè transpò nan Nòdès ak Midwès konsèy, ki konsantre sou pwoblèm finansye, estrateji evalyasyon kredi, jesyon ak egzekisyon tranzaksyon emisyon dèt, jesyon aktif-pasif ak patenarya piblik-prive. Antanke yon lejislatè, Mesye Rodriguez sèvi kòm yon manm nan Asamble Eta New York, Prezidan Asosye Gwoup Travay Lejislatif la sou Rechèch Demografik ak Re-afektasyon, Prezidan fondatè sou-komite sou Enfrastrikti Asample a ak Manm Komite sou Mwayen ak Metòd, Lojman, Bank, Antrepriz ak Otorite ak Sante Mantal. Nan sektè prive a, Mesye Rodriguez se yon Direktè nan Public Financial Management (PFM), premye konseye finansye minisipal nan peyi a. Anvan PFM, Mesye Rodriguez te yon Vis Prezidan nan A.C. Advisory, Inc. epi te genyen plizyè wòl jesyon ak operasyon nan Bloomberg LP. Antanke yon lidè sivik, Mesye Rodriguez te sèvi nan yon kantite konsèy volontè ki enkli kòm Prezidan Konsèy Kominotè 11 Manhattan antanke yon manm Konsèy Direktè Upper Manhattan Empowerment Zone. Mesye Rodriguez se yon gradye nan Yale University, li te resevwa yon Lisans Asosye (B.A.) nan Istwa ak Syans Politik ak New York University Stern Business School kote li te resevwa yon MBA nan Finans.

**Rossana Rosado** ap nonmen kòm **Komisè, Divizyon Sèvis Jistis Penal Division of Criminal Justice Services, (DCJS) Eta New York.** Madam Rosado te sèvi kòm

67yèm Sekretè Deta New York. Lidèchip li te ede fè Depatman Deta (Department of State, DOS) la vin youn nan ajans ki pi dinamik nan gouvènman Eta a. Li te dirije DOS atravè yon restriktirasyon modèn, ki enkli aplikasyon gouvènman lokal inovan ak pwogram lisans pwofesyonèl. An 2017, Madam Rosado te mete anplas Inisyativ Sèvis Pataje nan Tout Konte a, ki te mennen nan soumisyon 34 plan konte presi nan premye ane li. Anplis, atravè Biwo pou Nouvo Ameriken yo, li te lanse Pwojè Defans Libète a, yon inisyativ piblik-prive pou pote sèvis legal ki enpòtan pou imigran Nouyòkè yo.

Anvan li te rejwenn DOS, Madam Rosado te yon fòs dominan nan medya pandan 27 lane. Yon jounalis ki trè respekte ak yon pwodiktè ki te resevwa pri, Madam Rosado te yon pyonyè pou fanm yo. Li te premye fanm ki gen pozisyon Editè Anchè, apre sa Editè ak PDG *El Diario La Prensa*, jounal lang Espanyòl ki pi ansyen nan peyi a ak jounal chak jou nan lang Espanyòl ki pi gwo nan rejon Nòdès la. Pandan manda 18 lane li a, li te tabli jounal la kòm yon antite lidè pou jistis sosyal ak ekonomik.

Devouman Madam Rosado antanke yon sèvant piblik rive Iwen. Li te nan premye plan pou pwoblèm ki lye ak rantre prizonye pandan plis pase yon deseni epi li te ko-prezide fyèman Kominote sou Rantre ak Re-entegrasyon Nouyòkè yo, ki te tabli nan kad yon ajennda refòm kriminèl anbisye. Anplis, li se prezidan yon efò kolaborasyon ant Depatman Deta a, Depatman Koreksyon ak Sipèvizon Kominotè (Department of Corrections and Community Supervision) Eta New York ak Depatman Edikasyon Eta a (State Education Department) pou retabli epi devlope Pwogram Babye a pou moun ki nan prizon. Inisyativ sa fasilite konplèks tranzisyon re-entegrasyon an lè li bay edikasyon, konpetans travay ak opòtinite pou lisans pwofesyonèl eta a anvan liberasyon. Madam Rosado te resevwa plizyè prim ki enkli yon Emmy, yon STAR ki soti nan NY Women's Agenda (Ajennda Fanm NY), Peabody Award for Journalism (Prim Peobody pou Jounalis) ak pri Press Club President NY (Klèb Medyatik Prezidan NY). Yon Nouyòkè natif natal, Madam Rosado te resevwa Lisans Asosye (B.A.) li nan jounalis nan Pace University ak yon Metriz nan Jistis Kriminèl nan CUNY's John Jay College. Madam Rosado ap sèvi kòm Komisè pa Enterim jiska konfirmasyon Sena a.

**Gouvènè Hochul rekòmande Komisè Otorite Pon Eta New York (New York State Bridge Authority)** pou nonmen **Minosca Alcantara** kòm Direktè Egzekitif. Doktè Minosca Alcantara se Chèf Pwojè Pwogramasyon nan Konstriksyon ak Developman MTA ak Komisè nan Komisyon pou Pratik Travay ki Egal pou Vil New York. Li se yon enjenyè sivil eksperimente ki gen ekspètiz nan gwo pwojè iben ak jesyon konstriksyon. Madam Alcantara te travay kòm yon enjenyè anchèf depans/echeyans nan divès pwojè ki enplike jesyon Achitekti, Enfrastrikti, ak Dlo Ize nan nivo lokal ak entènasyonal. Doktè Alcantara angaje nan domèn edikasyon. Aktyèlman li se yon Manm Konsèy nan Pwogram Syans Ete (Summer Science Program, SSP) ak pwogram Navigasyon a Vwal Kominote Rivyè Hudson (Hudson River Community Sailing, HCRS). Nan University of Illinois nan Urbana-Champaign, li te mete souype, aplike epi devlope pwogram ki angaje elèv matènèl rive nan laj 16 lane ak STEM, patikilyèman fanm ak lòt elèv ki soti nan gwoup ki defavorize nan STEM yo. Li gen yon Lisans Eta (BS) nan Enjenyeri Sivil nan Universidad Nacional Pedro Henriquez Ureña, yon Metriz nan Jesyon Konstriksyon nan GWU ak EdM ak EdD nan Columbia University. Li se manman twa timoun, ki yo tout swiv tras li nan enjenyeri.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)